**दिन–मंगलवार** **दिनांक–09.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

उपराष्ट्रपति चुनावक लेल मतगणना जारी अछि। आई सांझ पाँच बजे मतदानक प्रक्रिया समाप्त भेल। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सभ सँ पहिने भोट खसेलाह। केन्द्रीय मंत्री राजनाथ सिंह, अश्विनी वैष्णव, जितेन्द्र सिंह, प्रल्हाद जोशी, राज्यसभाक उपसभापति हरिवंश, राज्यसभा में विपक्षक नेता मल्लिकार्जुन खरगे आ लोकसभा में विपक्ष के नेता राहुल गांधी, वरिष्ठ कांग्रेस सांसद सोनिया गांधी सहित कतेको सांसद अपन मताधिकारक प्रयोग कयलनि। एहि चुनाव मे राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन, एनडीए उम्मीदवार सी.पी. राधाकृष्णन आ इंडिया गठबंधनक उम्मीदवार वी. सुदर्शन रेड्डी के मध्य मोकाबिला अछि।

---

राज्य मंत्रिमंडल आंगनबाड़ी सेविका आ सहायिका के मानदेय मे वृद्धिक प्रस्ताव के स्वीकृति दऽ देलक अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के अध्यक्षता मे राज्य मंत्रिमंडलक भेल बैसक मे एहि आशयक प्रस्ताव के स्वीकृति देल गेल। कैबिनेट विभागक अपर मुख्य सचिव अरविन्द कुमार चौधरी जनौलनि जे आब आंगनबाड़ी सेविका सभ के प्रति मास नओ हजार टाका आ आंगनबाड़ी सहायिका सभ के साढ़े चारि हजार टाका मानदेय भेटत। ओ जनौलनि जे नव व्यवस्थ अगिला मास सँ प्रभावी होयत। श्री चौधरी जनौलनि जे कैबिनेट राजस्व कर्मचारीक तीन हजार तीन सय तीन अतिरिक्त पद सभक सृजन के स्वीकृति देलक अछि। एकर अतिरिक्त मंत्रिमंडल मुख्यमंत्री फेलोशिप योजना आरंभ करबाक प्रस्ताव के स्वीकृति देलक अछि।

---

नेपाल मे जारी हिंसक प्रदर्शनक मध्य प्रधानमंत्री के.पी.शर्मा ओली अपन पद सँ इस्तीफा दऽ देलनि अछि। बदलैत राजनीतिक घटनाक्रमक मध्य राष्ट्रपति रामचन्द्र पौडेल सेहो पद सँ इस्तीफा दऽ देलनि अछि। नेपाल सरकारक मुख्य सचिव, नेपालक सेना आ वरीय

अधिकारी लोकनि लोक सभ सँ शांति बनाओल रखबाक अपील कयलनि अछि। प्रमुख राजनीतिक दल वर्तमान स्थिति मे शांतिपूर्ण समाधान निकालबाक लेल चर्चा कऽ रहल छथि। एम्हर, आइ प्रदर्शनकारी सभ संसद भवन, राष्ट्रपति भवन, प्रधानमंत्री आवास आ गृहमंत्री के निजी आवास सहित कतेको स्थान पर अगिलगी आ तोड़–फोड़ कयलनि। प्रदर्शनकारी सभ पूर्व प्रधानमंत्री शेर बहादुर देउबा के घर पर घुसिकऽ हुनक संग मारिपीट कयलनि। ओतहि, वितमंत्री विष्णु पौडेल के संग सेहो मारिपीट कयल गेल। काठमांडूक अतिरिक्त विराटनगर, पोखरा आ जनकपुर सहित कतेको प्रमुख शहर मे प्रदर्शन भऽ रहल अछि। एम्हर, भारतीय विदेश मंत्रालय नेपाल मे बिगड़ैत परिस्थिति के देखैत भारतीय नागरिक सभ के नेपाल जयबा सँ बचबाक सलाह देलक अछि। संगहि जे भारतीय नेपाल मे छथि हुनका सावधानी बरतैत अपन मौजूदा ठेकान पर रहबाक लेल कहल गेल अछि। कोनहुं सहायताक लेल काठमांडू मे भारतीय दूतावास सँ संपर्क करबाक परामर्श देल गेल अछि।

एम्हर, हिंसक प्रदर्शन के देखैत काठमांडू स्थित त्रिभुवन हवाइअड्डा के बंद कऽ देल गेल अछि। हमर संवाददाता जनौलनि जे बिहारक सीमावर्ती जिला पूर्वी चंपारण, पश्चिमी चंपारण, सीतामढ़ी, मधुबनी, सुपौल, अररिया आ किशनगंज मे चौकसी बढ़ा देल गेल अछि। सीमा पार अबय–जायवला सभ पर विशेष नजरि राखल जा रहल अछि। ध्यातव्य अछि जे नेपाल मे भ्रष्टाचारक मुद्दाक संग–संग फेसबुक, व्हाटस्एप आ एक्स सहित छब्बीस सोशल मीडिया साइट पर प्रतिबंधक बाद काल्हि सँ युवा सभक हिंसक प्रदर्शन जारी अछि। प्रदर्शन के देखैत नेपाल सरकार सभ सोशल मीडिया साइट सँ प्रतिबंधक निर्णय के वापस लऽ लेने छल।

———————————————————————————

चारिम चरणक शिक्षक नियुक्ति परीक्षा मे रिक्तिक संख्या बढेबा सहित आनो–आन मांग के लऽकऽ अभ्यर्थी सभ आइ पटना मे विरोध प्रदर्शन कयलनि। अभ्यर्थी पटना कॉलेज परिसर सँ मुख्यमंत्री आवासक घेराव करबाक लेल निकलल छलाह। डाकबंगला चौराह पर पुलिस सभ के रोकि देलक। प्रदर्शकारी अभ्यर्थी टीआरई–फोर के अंतर्गत एक लाख बीस हजार सीटक लेल नियुक्ति परीक्षा आयोजित करबाक मांग कऽ रहल छलाह।

———————————————————————————

केन्द्रीय वित्तमंत्री निर्मला सीतारामन काल्हि बिहार दौरा पर आबि रहलीह अछि। वित्तमंत्री कटिहार जिलाक हसनगंज चंदेली भर्रा गाम मे मखान किसान सभक संग संवाद करतीह। एकर बाद ओ कटिहार इंजिनियरिंग कॉलेज मे क्रेडिट आउटरीच कार्यक्रम मे सम्मिलित होयतीह।

———————————————————————————————

निगरानी जाँच ब्यूरोक टीम बेगूसराय आ मधेपुरा जिला सँ तीन सरकारी कर्मी के घूस लैत गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————————

समाप्त भेल।